

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG REKOMENDASI

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan, analisis, jeung pedaran kamampuh biantara siswa kelas X-bahasa SMA Negeri 10 Bandung taun ajaran 2014/2015 anu aya dina bab IV, bisa dicindekkeun sababaraha hal ieu di handap:

- 1) Kamampuh biantara siswa kelas X-bahasa SMA Negeri 10 Bandung taun ajaran 2014/2015 saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Snowball Throwing* kawilang can mampuh, rata-rata peunteunna nya éta 71,39 tina KKM 75. Ditilik tina unggal aspék anu diujikeunna, siswa can mampuh dina ucapan (gancang kendorna), lentong (wirahma, randegan), pasèmon (*èkspresi*), adegan basa, pilihan kecap, rèngkak jeung peta (sikep penampilan), hubungan eusi jeung topik, jeung sikep ka pamiarsa.
- 2) Kamampuh biantara siswa kelas X-bahasa SMA Negeri 10 Bandung taun ajaran 2014/2015 sabada ngagunakeun modél pangajaran *Snowball Throwing* kawilang mampuh. Ieu hal katitén tina hasil rata-rata peunteun *post-test* siswa sabada ngagunakeun modél pangajaran *Snowball Throwing* nya éta 77,7 tina KKM 75. Ditilik tina unggal aspék anu diujikeunna, siswa mampuh dina ucapan (gancang kendorna), lentong (wirahma, randegan), pasèmon (*èkspresi*), adegan basa, pilihan kecap, rèngkak jeung peta (sikep penampilan), hubungan eusi jeung topik, jeung sikep ka pamiarsa.. Dumasar kana hasil kamampuh awal jeung kamampuh ahir, yén kamampuh biantara siswa kelas X-bahasa SMA Negeri 10 Bandung taun ajaran 2014/2015 ngaronjat tina can mampuh (71,39) jadi mampuh (77,7).
- 3) Aya béda anu signifikan antara kamampuh biantara saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Snowball Throwing*. Jadi, modél pangajaran *Snowball Throwing* bisa ngaronjatkeun kamampuh biantara siswa kelas X-bahasa SMA Negeri 10 Bandung taun ajaran 2014/2015.

## 5.2 Implikasi

Modél pangajaran *Snowball Throwing* dilarapkeun dina pangajaran biantara pikeun ngaronjatkeun kamampuh biantara siswa. Dilarapkeunana ieu modél meunang dukungan jeung aprésiasi anu hadé boh ti siswa boh ti guru. Ieu hal bisa ditarima sacara *positif* dina pangajaran di sakola ku sabab prak-prakan dina ngalarapkeun modél *Snowball Throwing* kawilang leuwih ngirut jeung matak pikaresepeun. Ayana modél *Snowball Throwing* jadi salah sahiji alesan pikeun siswa numuwuhkeun kaparigelanana dina pangajaran biantara. Ieu modél téh ngadumaniskeun kamampuh nyarita anu dibarengan ku suasana diajar nu matak pikaresepeun, nya éta “diajar bari ulin”, anu pasti siswa bakal leuwih gampang dina maham matéri, henteu matak bosen, ogé nimbulkeun karep anu hadé nalika biantara.

## 5.3 Rekomendasi

Sabada dilaksanakeunana panalungtikan modél pangajaran *Snowball Throwing* pikeun ngaronjatkeun kamampuh biantara siswa kelas X-bahasa SMA Negeri 10 Bandung taun ajaran 2014/2015, aya sawatara rékoméndasi ieu di handap.

- 1) Modél pangajaran *Snowball Throwing* bisa ngaronjatkeun kamampuh biantara. Ku sabab kitu, ieu modél téh bisa dijadikeun salah sahiji *alternatif* pikeun guru dina pangajaran di kelas;
- 2) Ku lantaran ieu panalungtikan ngagunakeun kuasi ékspérimén, perlu diayakeun deui panalungtikan dina ékspérimén murni sangkan meunang ambahan anu leuwih lega;
- 3) Pikeun panalungtik satuluyna dipiharep bisa leuwih asak dina ngararancang modél pangajaran *Snowball Throwing*;
- 4) Ayakeun modél-modél pangajaran séjénna nalika di kelas, hususna pikeun ngaronjatkeun kamampuh biantara siswa di SMA.